

AKHLAK DHATENG TANGGA TEPALIH



**Mukhlisin Purnomo
(Penyuluhan Agama Islam)**

**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN KULON PROGO
KANTOR URUSAN AGAMA KAPANEWON WATES
Jl. Moh Dawam No. 39 Driyan Wates Kulon Progo
Telp. (0274) 774520**

AKHLAK DHATENG TANGGA TEPALEH

الْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي أَمْرَنَا بِالْإِيمٰنِ وَالصِّلٰةِ وَهَمَا عَنِ الْعُقُوقِ، وَجَعَلَ لِلْجَارِ حَقًّا عَلٰى جَارِهِ وَإِنْ كَانَ مِنْ أَهْلِ الْكُفْرِ وَالْفُسُوقِ . أَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلٰهَ إِلّٰ اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ هُوَ الْحَالِقُ وَكُلُّ شِيءٍ إِسْوَاهُ مَخْلُوقٌ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الصَّادِقُ الْمَصْدُوقُ، اللَّهُمَّ فَصَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ النَّاطِقِ بِأَفْضَلِ مَنْطَوِقٍ، صَلَادَةً لَا يَنْقُطُعُ لَهَا مَدْدُ، وَلَا يَخْصُرُ لَهَا حَدٌّ وَلَا عَدَدٌ، وَعَلٰى آلِهِ وَصَاحِبِهِ الْمُؤْدِينِ لِلْحُقُوقِ، وَعَلٰى التَّائِبِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ مَّنْ سَابَقَهُمْ وَمَسْبِبُوِقِ . أَمّا بَعْدُ : أَيَّهَا النَّاسُ : اتَّقُوا اللّٰهَ وَاعْلَمُوا أَنَّ حَقَّ الْجَارِ عَلٰى جَارِهِ مُؤَكَّدٌ بِالْآيَاتِ وَالْأَحَادِيثِ وَقَالَ تَعَالٰى : وَاعْبُدُوا اللّٰهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَبِنِيِّ الْفَرِيْضَيْنِ وَالْيَتَامَى وَالْمَسَاكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْفُرِيقَى وَالْجَارِ الْجُنُبِ وَالصَّاحِبِ بِالْجُنُبِ وَابْنِ السَّيِّلِ

Jamaah Jum'at ingkang minulya

Sumangga, kasempatan dinten Jum'at ingkang binerkahan punika kita ginakaken kange ningkataken kaimanan lan taqwa supados anggenipun gesang bebrayan tansah manggihi kabegjan ing donya tuwin akhiratipun.

Kita sedaya mangertos biih bebrayan agung Jawi taksih anggadhahi pamanggih bilih tiyang gesang menika boten ijen, boten piyambakan. Tiyang gesang wonten masarakat kedah srawung lan tumindak sae dhumateng sinten kemawon, mliginipun tangga tepalihipun. Wonten babagan tetanggan, gadhaha rumaos wajib tumut memayu hayuning tangga tepalih boten manah dhateng betahipun piyambak.

Sedherek ingkang saestu menika sayektosipun tangga tepalih, jalaran menawi wonten bot repot (prekawis) menapa kemawon, inggih tangga tepalih ingkang sabiyantu lan paring rerigen rumiyin piyambak. Pramila menawi wonten tiyang

ingkang boten nate lan boten kersa srawung sarta mbiyantu dhumateng tiyang sanes, mliginipun tangga tepalih dipunwastani tiyang ingkang boten limrah.

Jamaah Jum'at ingkang minulya

Kanjeng Nabi Muhammad sampun paring piwucal dhateng kita supados tansah tumindak sae dhateng sedaya tangga tepalih lan mujudaken sesrawungan ingkang harmonis kangge dumugekaken kamaslahatan ing pagesangan. Nabi paring dhawuh :

مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ، فَلْيَحْسِنْ إِلَى جَارِهِ

" *sapa wonge ngimanaken marang Allah lan dina akhir sayogyane gawe becik marang tangga teparone.*" (HR Muslim).

Dhawuhipun Kanjeng Nabi punika namung salah satunggal saking akhlak utawi tatakrama ing babagan tetanggan, sanesipun kita kedah welas asih, paring sabiyantu, mad sinamadan, mong-kinemong, yen tangga kita nembe kasisahan, kedah kersa enggal-enggal tetulung. Yen tanganipun ketingal prihatos awit saking kasripanan upamanipun, ugi kedah ngetingalaken. Wanci tengah ndalu, wancinipun tiyang tiyang katemben mapan ampun ngantos rame-rame lan sapiturutiun.

Kosok wangslu saking akhlak ingkang sae kalawau kita ugi kedah nebihi akhlak ingkang candhala kadosdene; perilaku dholim, dengki, srei, dahwen, panasten, patiopen, ngrasani utawi ghibah, medhot pasedherekan, dora, ngapusi, uthil, methakil lan sanes-sanesipun.

Semanten ugi dhumateng sasamining tangga tepalih ingkang benten keyakinan, ingkang benten agama, kita ugi kedah dipun srawungi kanthi akhlak ingkang sae. Tiyang ingkang ngrasuk agami sanes ugi titahing Pangeran ingkang kedah kita

hurmati. Langkung-langkung ing kahanan ingkang damai kados wonten ing negeri kita menika. Rasulullah ugi sampun paring conto kadospundi sikap kita dhateng tangga tepalih.

لَا يَدْخُلُ الْجَنَّةَ مَنْ لَا يَأْمُنُ بِوَاعِنَّهُ

"Ora bakal mlebu suwarga wong kang tanggane ora aman saka gangguwane."

Saking hadis punika pertela bilih tetangan boten ngemungaken tiyang utawi masarakat kempal lan manggen sesarengan ing dalem lingkungan ingkang sami, ananging ngedahaken kalaksananing hak lan kuwajiban ingkang kedah dipun lampahahi dening sedaya warga supados saged gesang kanthi guyub lan rukun.

Saking katrangan kasebat, saged kadudud bilih Agami Islam mapanaken tangga tepalih ing kalenggahan ingkang Mulya. Saben manungsa kedah kersa nggatosaken perkawis punika, amaragi kawigatosan kasebat minangka wujud kapatuhan dhateng piwucaling Islam. Perkawis punika ugi negesakaen bilih tiyang ingkang mboten nglampahi hak-hakipun tetangan punika tegesipun boten mituhu dhateng paugeraan agami.

Jamaah Jum'at rahimakumullah

Syekh Hafidz Hasan Mas'udi ing kitab Taisirul Khalaq, paring katrangan bilih ing babagan tetangan wonten 8 hak ingkang kedah dipun gatosaken inggih punika: (1) kersa uluk salam; (2) kersa males kesaenanipun; (3) tilik nalika nandang gerah; (4) suka bingah anjurung puji kawilujenganipun dhateng ingkang saweg sedheng anampeni kabegyan ageng; (4) ngaturaken bela sungkawa nalika nandang pacoben; (5) boten mirsani garwa setri, anak estri, lan kanca rewangipun ingkang estri; (6) nyungkiri perkawis ingkang anjalari boten merak ati; (7) mahargya tangga tepalih kanthi polatan ingkang ajer, sumringah

Ian kebak raos kurmat; Ian (8) maringaken hak-hakipun ingkang gegayutan kaliyan materi.

Wewarah punika menawi dipun tindakaken kanthi saestu saged dumugekekan gesang rukun sami lan tentrem rahayune bebrayan. Amila Sikap ingkang kedah Ian peting dipun gesangaken ing praktek sosial inggih punika tumindak sae dhateng tangga ingkang paling caket, tanpa mbetenaken saking suku napa, agamanipun, basa saha adat istiadatipun. Tumindak sae Ian mulyakaken tangga tepalih, ingkang Muslim punapa ingkang ngrasuk agami sanes minangka pilar kawujudipun pagesangan ingkang harmonis, rukun, damai, lan aman.

Jamaah Jum'at ingkang minulya

Ing pungkasan, kita matur bilih tetanggan punika saperangan lelamapahanipun gesang manungsa ingkang boten saged kasingkiri. Amargi manungsa mboten namung makhluk individu, ijen, piyambakan ananging ugi makhluk sosial, makhluk ingkang remen sesrawungan. Satungal Ian sanesipun sami-sami betahakan ing kange nggayuh kesaenan. Agami Islam dawuhaken dhateng sedaya manungsa supados sami lelumban ing babagan kesaenan.

بَارَكَ اللَّهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفْعَنِيْ وَإِيَّا كُمْ إِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَةِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ مَوْتَقَبَّلٌ

اللَّهُ مِنِّيْ وَمِنْكُمْ تِلَاقُتُهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ وَاسْتَغْفِرُوا إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH II

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ ثُمَّ الْحَمْدُ لِلَّهِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ
أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الَّذِي لَا نَيِّرُ بَعْدَهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسِلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى
أَلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اؤْصِلُوكُمْ
وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. فَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّوْنَ عَلَى النَّبِيِّ,
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَلِ سَيِّدِنَا
مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ.
اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْفُرُونَ وَالزَّلَّالَ وَالْمَحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَ وَالْمَحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا
بَطَّنَ عَنْ بَلَدِنَا إِنْدُونِيَسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرُ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ اللَّهُمَّ أَرِنَا
الْحَقَّ حَقًّا وَارْزُقْنَا اتِّبَاعَهُ وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارْزُقْنَا اجْتِنَابَهُ. رَبَّنَا آتَنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي
الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَلَمِينَ عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ
وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ